УДК 398.22
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-2-47-116-124

# ЭПИЧЕСКЭ ЛIЫХЪУЖЬХЭМ ТЕУХУА АДЫГЭ ПСЫСЭ КIАСЭХЭР

**Быхъурэ Мухьэмэд ФуIэд и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиалым и адыгэ IуэрыIуатэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, mbf72@mail.ru

Статьяр теухуащ адыгэ IуэрыIуатэр джынымкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщ зы Iуэхугъуэм – эпическэ лIыхъужьхэм теухуа адыгэ псысэ кIасэкIэ зэджэ IуэрыIуатэхэкI лIэужьыгъуэм и къежьэкIамрэ зэрызиужьамрэ къэпщытэным. Дызэрыщыгъуазэщи, иджырей зэманым филологием ехьэлIа щIэныгъэм лъэ быдэкIэ щыуващ лIыхъужь псысэр пасэрей эпосым и щIэдзапIэу къызыхэщ гупсысэр. Ауэ дэ нэхъыбэу дрителъхьэщ С.Ю. Неклюдовым лIыхъужь эпосым ипэ къит пасэрей лIыхъужь таурыхъымрэ нэхъ иужьу зэфIэува эпическэ лIыхъужьхэм теухуа псысэмрэ, эпосым и зыужьыныгъэм и кIэух лъэхъэнэу щытымрэ, зэщхьэщыгъэкIыпхъэу зэрыжиIэм. Абы ипкъ иткIэ ди лэжьыгъэр нэхъыбэу зытеухуар нарт эпосым щыщу япэ щIыкIэ пшыналъэу – усыгъэу гъэпсарэ макъамэ щIэту – зэтеувауэ щыта, иужькIэ а нэщэнэхэр зыфIэкIуэду прозэм хуэкIуэжа хъыбархэрщ. Апхуэдэхэщ Сосрыкъуэрэ нарт Тотрэшрэ зэрызэзэуам, Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьам, Бэдынокъуэ и япэ ежьэм, Батрэзрэ Ашэмэзрэ ялъ зэращIэжам теухуахэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу нарт Щауей и циклым, псом хуэмыдэжу псысэ щытыкIэхэр зыбгъэдэлъым, къызэщIикъуэхэр. Апхуэдэу тегъэщIапIэ тхуэхъуащ «Нартхэр. Адыгъэ эпос» тхылъым и еплIанэ томым, эпосым и иужьрей лъэхъэнэм хиубыдэ лIыхъужьхэм ехьэлIа IуэрыIуатэхэкIхэр къыщызэщIэкъуауэ щытынум, хэдгъыхьэну къыхэтщыпыкIа, зи гугъу тщIы къэхъугъэм и нэщэнэхэр IупщIу зыхэтлъагъуэ текст зыбжани.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэ нарт эпос, лIыхъужь псысэ, IуэрыIуатэ, тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпос, эпическэ лIыхъужь, хъыбар, пшыналъэ.

ДызэрыщыгъуазэщI, IуэрыIуатэр жанркIэ зэщхьэщыгъэкIыным еджагъэшхуэхэр куэд щIауэ толажьэ, абы и лъэныкъуэкIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъыхьауэ жыпIэ хъунущ. Апхуэдэу щыт пэтми, нобэр къыздэсым къызыхуэтыншэу арэзы псори укъэзыщI гуэшыкIэ щыIэкъым. Апхуэдэ щытыкIэр къэзышэри, дауикI, гурыIуэгъуэщ: куэдрэ къыщыхъу щыIэщ, жанр зыбжанэхэм я нэщэнэ зэрыбгъэдэлъым къыхэкIыу, IуэрыIуатэхэкIыр зыхуэпхьыну лIэужьыгъуэр умыщIэу утыку укъыщинэ. Псом хуэмыдэжу ар хужыпIэ хъунущ мотивхэмкIэ, сюжетхэмкIэ, образхэмкIэ, бзэр къулей зыщI художественнэ IэмалхэмкIэ зэхъуажэу къызэдэгъуэгурыкIуа прозэ лIэужьыгъуэхэм. Псалъэм папщIэ, «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъым и ещанэ томым хэдгъэхьа хъыбар зыкъомыр нарт эпосым дежкIэ щIедгъэкIуэтэкIын щхьэусыгъуэ щыIэ пэтми, апхуэдэ дыдэу мыбыхэм ябгъэдэлъщ телъыджей, лIыхъужь, новеллэ псысэхэм, тхыдэр зи лъабжьэ хъыбарыжьхэм я нэщэнэхэри. Антти Аарнерэ Стиф Томпсонрэ я сюжетгъэлъагъуэм [Thompson 1961] (адэкIэ AT) тегъэщIауэ жыпIэмэ, мыбы дызыщрихьэлIэ «Нарт Шэбатныкъо къызэрищагъэр» [Нарты. Адыгский эпос 2020: 248–259] хъыбарыр телъыджей псысэу жыпIэми ущыуэнукъым, и сюжетри AT 449 дыдэр арщ: телъыджагъэ зыбгъэдэлъ щIопщымкIэ цIыхубзыр къоуэри, Бэдынокъуэ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я сурэтым йохьэ; пщым и пхъур уд фызыжь цIыкIум щехъумэ; мы иужьреймрэ и фIыщIэкIэ цIыху мэхъуж. Бэдынокъуэрэ Сосрыкъуэрэ

бажафэр зэрызэпаубыдам тепсэлъыхь хъыбархэри [Нарты. Адыгский эпос 2020: 397–417] АТ–976** сюжетыр зи лъабжьэ новеллэ псысэхэм пэгъунэгъущ. Апхуэдэхэщ АТ 981 (жьы укIыжыныр нартхэм зэрызэханар [Нарты. Адыгский эпос 2020: 169–183]), АТ 1137 (Полифем ехьэлIа сюжет цIэрыIуэр [Нарты. Адыгский эпос 2020: 259–266]), н. «Нарт Хъыжьэ и хъыбарыжьым» [Нарты. Адыгский эпос 2020: 266–288] (е Чэчанокъуэ Чэчанэ теухуахэм) лIыхъужь псысэм и щытыкIэхэу бгъэдэлъым къыдэкIуэу, тхыдэр зи лъабжьэ хъыбарыжьхэм яжь къызэрыщIихуари наIуэщ. Мыпхуэдэ IуэрыIуатэу лIыхъужь эпосым къызэщIикъуахэр куэд мэхъу, псоми мыбдежым я гугъу щытхуэмыщIми, мы Iуэхугъуэм гу лъытапхъэщ: дауэ щымытами, мыхэр эпосым пэгъунэгъу ищIу псоми зы нэщэнэ ябгъэдэлъщ. Ар нартхэм я дунейр абыхэм къыщыгъэлъэгъуауэ зэрыщытырщ. Аращи, мыхэр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ, нарт эпосыр жанр зэмылIэужьыгъуэ куэд зэщIэзыша къэхъугъэу Гъут I.М. зэрижиIэм [Гутов 2009: 13]. Апхуэдэу нэхъыбэ дыдэу мыбы дызыщрихьэлIэхэм ящыщ зыщ лIыхъужь псысэм и теплъэр ебэкIыу зыбгъэдэлъ IуэрыIуатэхэкI лIэужьыгъуэхэр.

ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, нарт эпосым илъэс минищым нэблагъэ и ныбжьщ, икIи а зэманым къриубыдэу абы и кIуэцкIэ зэхъуэкIыныгъэ куэд щигъуэтащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ар къыщыунэхуа лъэхъэнэхэм иIа теплъэмрэ ди деж къызэрысам игъуэтамрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Абы гу лъатэу а щытыкIэр ягъэбелджылын мурадкIэ эпосыр джыным еджагъэшхуэ куэдым я гуащIэ зэрытрагъэкIуэдам псори дыщыгъуазэщ, абы и лъэныкъуэкIи ехъулIэныгъэфIхэр зэрызыIэрагъэхьам зы шэчи хэлъкъым: эпосым и къуэпсхэр зэкIуэлIэж къэхъугъэхэр, ар къэунэхуу зэрызиужьар, игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр, сюжетхэр, образхэр, и бзэм и къулеягъыр, нэгъуэщI лъэныкъуэ куэдхэри арэзы укъищIу джа хъуащ. Псом хуэмыдэжу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ, эпосым бжьыпэр щызыIыгъ лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я циклхэр – щIэдзапIэ лъэхъэнэм хиубыдэ Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Лъэпщ, адэкIэ – Сосрыкъуэ, Уэзырмэс, Батрэз, Ашэмэз, Бэдынокъуэ, Щауей сымэ ехьэлIахэр – щIэпщытыкIынымкIэ. Абыхэм еплъытмэ, щIэныгъэлI зыбжанэм я къэхутэныгъэхэм и гугъу щыщIа пэтми, нэхъ мащIэу гулъытэ зыгъуэтахэм ящыщщ эпосым и иужьрей лъэхъэнэм къызэщIиубыдэ хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ. Мы псалъэхэм дэ къидгъэкIыркъым, мы лъэхъэнэр щIэныгъэлIхэм IэщIыб ящIыпауэ. АтIэ, апхуэдэу уегупсысыныр дэнэ къэна, мыбы и лъэныкъуэкIи эпосыр зыдж щIэныгъэр ипэкIэ ягъэкIуэтауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ, дауэ щымытами, нобэ щыIэ къэхутэныгъэхэм тепщIыхьмэ, зи цIэ къитIуа лIыхъужьхэм ягъуэта гулъытэм хуэдэ, псалъэм папщIэ, нартхэу Быщэ-кIьэкI, БэукI, Гъожакъэ, Жъэмадыу, Колэс, ШъэуапцIэ сымэ ялъысауэ тхужыIэнукъым.

Зи гугъу тщIы къэхъугъэр (жанрыр зэрыужьыхыр) адыгэ эпосым зэрыщекIуэкIам тетхыхьахэм ящыщ зыщ Гъут I.М. Ар зыхуэкIуа гупсысэхэм тепщIыхьмэ, нарт эпосым и зыужьыныгъэм кIуэ пэтми зэрыкIэрыхуам щыхьэт техъуэу нэщэнэ зыбжанэ къыхэбгъэкI хъунущ [Гутов 1993: 14–29]. Абыхэм щыщу нэхъыщхьэу мы ди лэжьыгъэм гъуазэ хуэхъуну къэтлъытэу къыхэтхащ нарт эпосым щыщ IуэрыIуатэхэкI зыкъомыр нэгъуэщI жанрхэм (нэхъ кIасэу къэунэхуа лIыхъужь псысэмрэ тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосымрэ) зэрыхуэкIуэр къызыхэщ Iуэху еплъыкIэр.

Къэдгъэлъэгъуа темэм зыщIыхуэдгъэзам и щхьэусыгъуэр иридгъэбелджылыну иджыри зэ дигу къэдгъэкIыжынщ, «Нартхэр. Адыгэ эпос» къыдэкIыгъуэм хыхьэ тхылъхэм я зэкIэлъыкIуэкIэмрэ а зэкIэлъыкIуэкIэр зытегъэпсыхьамрэ. 2012 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэм къэсыху, ИГИ КБНЦ РАН-м адыгэ IуэрыIуатэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм дгъэхьэзыращ зи гугъу тщIы къыдэкIыгъуэм и томищ, икIи ахэр зэрызэкIэлъыхьам IупщIу къагъэлъагъуэ адыгэ нарт эпосыр къэунэхуу адэкIэ зэрызиужьар. Абы ипкъ иткIэ япэ томыр къыщIедзэ мифологием иджыри пыщIэныгъэ быдэ хузиIэ лIыхъужь эпосым и ублапIэ лъэхъэнэмкIэ – Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Лъэпщ сымэ я циклхэмкIэ. Зэрыпасэрейм къыхэкIыу, мыбыхэм ягуэуващ

Сэтэней ехьэлIари. Томым и етIуанэ Iыхьэр тедухуащ зи хъыбархэмрэ пшыналъэмрэ лIыхъужьыгъэр япэу къызыхыхьэ нарт Сосрыкъуэ [Нарты. Адыгский эпос 2012]. ЕтIуанэ тхылъым къызэщIеубыдэ зи цIэ къитIуа лIыхъужьхэм ныбжькIэ къакIэлъыкIуа Уэзырмэс, Батрэз, Ашэмэз сымэ я циклхэр [Нарты. Адыгский эпос 2017]. Ещанэм щызэхуэхьэсащ псом нэхърэ нэхъыщIэжу къалъытэ Бэдынокъуэрэ Щауейрэ къегъэщIылIа хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ [Нарты. Адыгский эпос 2020].

«Эпосым и сюжет курыххэр зэпэщыным лIэщIыгъуэ зыбжанэ ихьауэ къыщIэкIынущ. Нэхъ иужь къинахэм ящыщщ нартхэу Бэдынокъуэ, Щауей сымэ ятеухуа сюжетхэр. Абыхэм сюжет зэзыгъэпэщ мотиву ебэкIхэр – хэкур яшхыну, яхьыну къихьа бийм ебэныныр, курыт лIэщIыгъуэхэм шууейм и пщалъэу ялъытэу щытам хуэдэ идеал гъэлъэгъуэнырщ», – етх Гъут I.М., мы иужьрей лIыхъужьитIым я циклхэм теухуауэ [Гъут 2010: 56]. ЩIэныгъэлIыр зыхуэкIуа гупсысэхэм тепщIыхьмэ, мы мотивхэм я закъуэкъым, сюжетхэр нэхъ иужьу эпосым къызэрыхыхьар къэзыгъэлъагъуэр, атIэ поэтикэрэ стилистикэ я лъэныкъуэкIэ хъыбарыжьхэмрэ лIыхъужь псысэхэмрэ я нэщэнэ куэдыр мыбыхэм зэрызыщIашари абы щыхьэт тохъуэ [Гъут 2010: 57]. Зы лъэныкъуэкIэ мы псалъэхэм Бэдынокъуэрэ Щауейрэ адрей лIыхъужьхэм нэхърэ «зэрынэхъыщIэр» къагъэлъагъуэу щытми, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ эпосым хиубыдэ IуэрыIуатэхэкI зыкъомыр адрей жанрхэм зэрыхуэкIуам мыхэр и щапхъэ нэсщ: Бэдынокъуэ и пшыналъэм эпосым и поэтикэр щыхъумами, хъыбархэм лIыхъужь псысэмрэ тхыдэ хъыбарыжьхэмрэ я теплъэхэр ебэкI хъуащ; Щауей и циклращи, мыбы зы пшыналъи хэтыжкъым, нартхэм я дунейр къигъэлъэгъуэжу зэрыщытымрэ цикл къызэрагъэщIымрэ къыумылъытэмэ, хъыбаркIэ деджэми, зэрыщыту лIыхъужь псысэм хэбгъыхьэми, ущыуэнукъым. Ауэ абы къикIыркъым, нарт эпосым и зыужьыныгъэр мы лIыхъужьхэм ехьэлIа хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ я деж къыщыувыIауэ. АтIэ, ди зэманым къэса IуэрыIуатэр къэплъытэмэ, мыбыхэм къакIэлъыкIуащ ищхьэкIэ къыщытхьа нэщэнэхэр нэхъ наIуэжу зыхэплъагъуэ цикл цIыкIухэмрэ лIыхъужь щхьэхуэхэм ятеухуа хъыбар, пшыналъэ зырызхэмрэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Быщэ-кIьэкI, Пагуэ и къуэ Тэтэрщауэ, БэукI, Гъожакъэ, Жъэмадыу, Колэс, ШъэуапцIэ сымэ ехьэлIа циклхэр, Тотрэш и пшыналъитIыр, нартхэу Пщыапщокъуэ, Гъурдэберд, Бэтей, нэгъуэщIхэри къызыхэщыж хъыбархэр. Къапщтэмэ, ахэращ «Нартхэр. Адыгэ эпосым» и зи чэзу тхылъыр, еплIанэ томыр, нэхъ зытегъэщIауэ щытынури.

Мы лIыхъужьхэм теухуа IуэрыIуатэхэкI лIэужьыгъуэхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэм дыщытепсэлъыхькIэ, Iэмал имыIэу зи гу щIыпхъэхэм ящыщщ лIыхъужь псысэр, абы и нэщэнэ куэдыр зыщIашауэ, уеблэмэ, езы дыдэхэр (IуэрыIуатэхэкIыр) а жанрым хуэкIуауэ зэрыщытым къыхэкIыу.

ЛIыхъужь псысэм IуэрыIуатэм щигъэзащIэ мыхьэнэм еджагъэшхуэ куэд тепсэлъыхьауэ щытащ, икIи нэхъыбэм ар лIыхъужь эпосым и къежьапIэу, эпосым нэхърэ ар нэхъ пасэрейуэ къалъытауэ щытащ. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ гупсысэ къыхалъхьат лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым я IуэрыIуатэр зыджа В.М. Жирмунский [Жирмунский 1960], Е.М. Мелетинский [Мелетинский 1963], В.Я. Пропп [Пропп 1958], н. Ауэ мы Iуэхугъуэм ипкъ иткIэ щIэныгъэлIхэм яIэ Iуэху еплъыкIэм зригъэхъуэжауэ щытащ С.Ю. Неклюдовым и къэхутэныгъэм. Пэжщ, мыбыи, зи гугъу тщIа IуэрыIуатэджхэм хуэдэу, лIыхъужь псысэжьыр пасэрей теплъэ зиIэ лIыхъужь эпосым и пэ къиту, езыхэри зэрызэщхьыр, я гъунапкъэхэри икъукIэ зэхэгъэкIыгъуейуэ зэрыщытыр къыжеIэр, ауэ абы къыдэкIуэуи, мыдрейхэм къащхьэщыкIыу, эпосым и щIэдзапIэ пасэрей лIыхъужь псысэмрэ нэхъ кIасэу къэунэхуа «эпическэ лIыхъужьхэм теухуа псысэмрэ» зэщхьэщыгъэкIыпхъэу, мы иужьрейри эпосым и «кIэух лъэхъэнэу» къэлъытэн хуейуэ къегъэув [Неклюдов 1975]. С.Ю. Неклюдовым зи гугъу ищI къэхъугъэм ижь ди лIыхъужь эпосми къызэрыщIихуам псом япэу гу лъызытахэм, еджагъэшхуэм утыку кърилъхьа гупсысэхэр дэзыIыгъахэм ящыщщ Гъут I.М. [Гутов 1993: 17–18].

ЩIэныгъэлIхэм «эпическэ лIыхъужьхэм теухуа псысэм» кърагъэкIыр нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ, Iуэхугъуэ зыбжанэм и гугъу щIын хуейуэ къыдолъытэ.

В.Я. Пропп гу лъитауэ щытащ былинэхэм зыщызужьа сюжет куэдыр прозэуи къызэраIуатэм, абы къыхэкIкIи щIэныгъэлIым апхуэдэхэр псысэ жанрым хигъыхьэрт, лIыхъужь эпосым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэу езым къихутахэр – усэ теплъэ иIэрэ макъамэ щIэту зэрыжиIэр – абыхэм ябгъэдэлъыжтэкъыми [Пропп 1958: 18]. Нэхъ иужьыIуэкIэ А.М. Астаховэми мы щытыкIэр зиIэ IуэрыIуатэхэкIхэр псысэ лIэужьыгъуэу къилъытащ, щхьэхуэу къыхигъэкIри щипщытыкIыжауи щытащ, икIи, абы гу зэрылъитамкIэ, сюжет къудейхэмкIэ фIэкIа, мыхэр былинэхэм зэрапэблагъэ нэгъуэщI теплъэ зыри ябгъэдэлъыжккъым, атIэ псысэм и «жыпхъэм» иуващ [Астахова 1962].

Къапщтэмэ, усэ теплъэ иIэрэ макъамэ щIэту жаIэ лIыхъужь эпосым прозэ къэIуэтэкIэ игъуэту псысэм хуэкIуэу щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэм пыплъхьэни-пыпхыни хэлъу къытщыхъуркъым: ар дэтхэнэ зы лъэпкъ IуэрыIуатэми, адыгэхэм ейри хэтыжу, щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщ зыщ. Апхуэдэ дыдэуи В.Я. Пропп былинэ жанрым и нэщэнэу къыхигъэкIахэм – усэ теплъэ иIэрэ макъамэ щIэту зэрыжиIам – арэзы ущIытемыхъуэн щхьэусыгъуи хэтлъагъуэркъым. Ауэ мыбдежым нэгъуэщI зы упщIи къоув: ярэби, мы щытыкIэхэм лъэпкъыу хъуам я лIыхъужь эпосыр къитIасэу пIэрэ? ДауикI, хьэуэ. Тынш хъунут мыпхуэдэхэр псори лIыхъужь эпосым, прозэу къэIуэтауэ хъуар псысэм дгъэкIуатэмэ, ауэ, дызэрыщыгъуазэщи, лъэпкъ куэдым я лIыхъужь эпосыр зэхэтщ, усыгъэу гъэпсарэ макъамэ щIэтыжу жаIэ IуэрыIуатэхэкIыуи прозэу яIуатэуи (еплъ: Кёроглы, Нарт эпос, н.).

Иджыри къэскIэ дызытепсэлъыхьам тепщIыхьмэ, гу зылъытапхъэращи, IуэрыIуатэм къыхобелджылыкI лIыхъужь эпосым сюжеткIэ пэблагъэ, ауэ сыт и лъэныкъуэкIи псысэ нэщэнэхэр зэбэкIыу прозэу яIуатэ IуэрыIуатэхэкIхэр. Нарт эпосыр къапщтэмэ, Хъут Щ.Хь. къызэрилъытэмкIэ, а хъыбархэр къэунэхуным и щхьэусыгъуэр къишащ, пшыналъэхэр ящыгъупщэжу ахэр зытеухуар къызэрыгуэкIыу къаIуэтэж зэрыхъуам, икIи абы щыхьэт тохъуэ, сюжет зэщхь зиIэ хъыбари пшыналъи эпосым зэрыхэтыр [Хут 1980: 86]. ЩIэныгъэлIым къыжиIахэм зыкъомкIэ арэзы утехъуэ хъуну щыт пэтми, хъыбар псори къэунэхуным а зы щIэдзапIэм фIэкI ямыIэу пхужыIэнукъым.

ЦIыхум и зыужьыныгъэр къапщтэмэ, шэч хэлъкъым, гъэхуауэ усэным и пэ къихуэу, къызэрыгуэкIыу и гупсысэхэр къиIуэтэным зэрыхуэкIуар. Абы тепщIыхьмэ, нарт эпосым хиубыдэ прозэр пшыналъэм нэхърэ нэхъапэ къызэрыунэхуари гурыIуэгъуэщ. Ауэ ари щыхьэт техъуэркъым зы сюжет зиIэ IуэрыIуатэхэкIхэр япэ щIыкIэ хъыбару къежьэу иужькIэ пшыналъэу ягъэпсыжауэ.

Мы Iуэхугъуэм ипкъ иткIэ Гъут I.М. зыхуэкIуа гупсысэм тепщIыхьмэ, пшыналъэмрэ хъыбарымрэ зыр зым и къежьапIэу пхужыIэнукъым, атIэ пшыналъэр, ди лъэхъэнэм къызэрыса дыдэм хуэдэу щымытами, къызэрыгуэкIыу къэIуэтэжам къыщхьэщыкIыу, нэхъ хэIэтыкIауэ, нэхъ зэгъэкIуауэ жаIэу щытагъэнущ, прозэращи, ари а зэрыщыт дыдэм хуэдэу къэунэхуагъэнущ [Гутов 2009: 49]. ЩIэныгъэлIым къызэрихутащи, IуэрыIуатэхэкIыр пшыналъэу зэфIэувэн папщIэ, Iуэхугъуищым елъытащ: лIыхъужьыгъэ къыхэщу, персонажхэм я зэхуаку зэныкъуэкъу къыдэхъуэу, лIыхъужь нэхъыщхьэм и текIуэныгъэкIэ иухыу щытын хуейщ. Псалъэм папщIэ, Сосрыкъуэ зэраукIам лIыхъужьыгъи къыхощ, нартхэмрэ Сосрыкъуэрэ зэныкъуэкъу, ауэ лIыхъужь нэхъыщхьар зэрыхэкIуадэм къыхэкIыу, мыр прозэу къонэр. Мы лIыхъужьыр дунейм къызэрытехьэр къэзыIуатэ сюжетым и кIэр фIыкIэ еух, ауэ лIыхъужьыгъи зэныкъуэкъуи хэткъыми, мыри прозэщ. Аращи, мыпхуэдэ щIыкIэкIэ прозэр зи щIэдзапIэ хъуа хъыбар гуп нарт эпосым щIэныгъэлIым къыхегъэкI [Гутов 1993: 148]. Ахэр нэхъыбэу теухуащ лIыхъужь нэхъыщхьэм и гъащIэ Iыхьэхэм – къызэралъхуам, и сабиигъуэм, нысащIэ зэрылъыхъуам, зэрыхэкIуэдам. Мыбыхэм ягуоувэ Тхьэгъэлэдж, Амыщ сымэ къащIэна ху жылэм, мэлылым и хъумакIуэ фызыжь цIыкIум деж лIыхъужьыр хьэщIапIэ зэрыкIуар, иныжь къупщхьэм зэрыхуэзар къэзыIуэтэж сюжетхэри, н. Гу зылъытапхъэращи,

прозэу къызэрыгъуэгурыкIуэмрэ мотив щхьэхуэхэмкIэ зэрызэщхьымрэкIэ фIэкIа, мыбыхэм лIыхъужь псысэхэм Iуэху хуаIэкъым. Мы прозэ лIэужьыгъуитIыр нэщэнэ куэдхэмкIэ зэщхьэщокIыр, а псоми иджыпсту я гугъу тхуэмыщIми, занщIэу «нэм къыщIидзэ» зыбжанэ мыбдежым къыщыхьыпхъэщ: лIыхъужь псысэ щыIэкъым, персонаж нэхъыщхьэр дунейм къызэрытехьа е и сабиигъуэ къудейм теуухуауэ, ахэр абы Iыхьэ щхьэхуэу хэувэ мыхъумэ; мы жанр лIэужьыгъуэм зы псыси хэткъым, лIыхъужьыр хэкIуадэу; нэхъыщхьэжращи, мыбыхэм я нэщэнэ нэхъыщхьэщ, Гъут I.М. зи гугъу ищI лIыхъужьыгъэри, зэныкъуэкъури, лIыхъужь нэхъыщхьэм и текIуэныгъэкIэ зэриухри.

Мы нэщэнэхэм я «фIыщIэкIэ» пшыналъэу зэфIэува IуэрыIуатэхэкIхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я щапхъэ гъуэзэджэщ «Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьар», «Сосырыкъуэрэ Албэкь и къуэ Тотырэшрэ» [Нарты. Адыгский эпос 2012: 224–232], «Хъымыщ и къуэ Батрэз и уэрэд» [Нарты. Адыгский эпос 2017: 136–140], «Ашэмэз» [Нарты. Адыгский эпос 2017: 296–303], «<Пщыбадинокъо>» [Нарты. Адыгский эпос 2020: 96–102], н. Мыхэр зытеухуа дыдэхэр прозэуи къэIуэтауэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьа сюжет дыдэр лъабжьэ хуэхъуащ «Саусырыкъо иныжъыр зэриукIыгъэр» [Нарты. Адыгский эпос 2012: 307–311], «Нарт Саусырыкъорэ иныжъымрэ» [Нарты. Адыгский эпос 2012: 311–318], «Сосрыкъуэ иныжьыр зэриукIар» [Нарты. Адыгский эпос 2012: 318–320], н. Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ зэрызэзэуари прозэу къыщыIуэтащ «Нарт Сосрыкъуэ и хъыбарым» [Нарты. Адыгский эпос 2012: 269–271]. Куэдрэ ущрихьэлIи щыIэщ усыгъэри прозэри зэщIэту къыщыкIуи. Псалъэм папщIэ, апхуэдэу гъэпсащ мы иужьрей сюжетым теухуа «Сосырыкъуэ» хъыбарыр [Нарты. Адыгский эпос 2012: 213–224]. Мис мыбыхэм хуэпхь хъунущ Хъут Щ.Хь. зи гугъу ищIа прозэ къэунэхукIэр (зи гугъу тщIыр, ищхьэкIэ къызэрыщыжытIащи, пшыналъэхэр ящыгъупщэжу ахэр зытеухуар къызэрыгуэкIыу къаIуэтэж зэрыхъуарщ). Мыхэращ пшыналъэ нэщэнэхэр «зыIэпыхуу» прозэ къэIуэтэкIэ зыгъуэтар, икIэмикIэжми жанрыр псысэм хуэзышэ «лъагъуэм» теувар. Къапщтэмэ, мыпхуэдэхэращ С.Ю. Неклюдовым «эпическэ лIыхъужьхэм теухуа псысэ» лIэужьыгъуэм къызыщIригъэубыдэри. Мы «псысэхэм» хэбгъыхьэ хъунущ Сосрыкъуэ, Батрэз, Ашэмэз, Бэдынокъуэ сымэ теухуа пшыналъэхэм я сюжетхэр прозэу къэзыIуатэ хъыбархэр: сюжетыр къахуэнами, пшыналъэм кIэрытлъагъуэ нэщэнэ нэхъыщхьэхэр абыхэм якIэрылъыжкъым, икIи аращ мы къэхъугъэр эпосым и зыужьыныгъэр зэрыужьыхым щыхьэт техъуэуи къыщIалъытэр. АтIэ, апхуэдэ «гъуэгуанэм» эпосыр зэрытеувам сытым хуишауэ пIэрэ? Абы и жэуапращи, ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ зи нэхъыбапIэкIэ эпическэ лIыхъужьхэм теухуа псысэм и щытыкIэхэм къитIасэ Щауей и хъыбархэр къэунэхуным. Езы образри пасэрей эпосым хэтхэм хуэдэжкъым: мыр курыт лIэщIыгъуэм щыIа лIыхъусэжь (рыцарь) хъыжьэм и щапхъэ гъуэзэджэщ. Абы дежкIэ нэхъыщхьэр лIыгъэрщ, хахуагъэрщ, къарурщ, бэшэчынагъырщ, пхъашагъырщ, зэпIэзэрытыныгъэрщ, адыгэ хабзэм ткIийуэ тетынырщ. Апхуэдэу зэрыщытри наIуэ къещI, псалъэм папщIэ, и шу гъусэхэр зэриущийм: «*– Фэ зыщIыпIэ фыкIуауэ фежьэмэ,* «*Шу гуп сыхуэзащ*»*, – жыфIэу зевмыт,* «*Мор шу закъуэщ*»*, – жыфIэу, фытегушхуэу зевмыпщыт, – жиIыт, жеIэ. Ар нартIэм яжриIэрт, жеIэ, щежьэкIэ, ежьэгъуэ къэсыхукIэ*» [Нарты. Адыгский эпос 2020: 465]. ИпэкIи зэрыжытIащи, апхуэдэхэщ гъуэгу здытетым зыхуэза шур езым и деж хьэщIэу къыхуэкIуэу къыщищIэкIэ, и Iуэху къигъанэу къызэригъэзэжри, хабзэм тету ар зэригъэхьэщIэри, зекIуэ здришэжьэну къыщыжриIэкIэ, «хьэуэ» лъэпкъ къыхимыгъэкIыу, уеблэмэ, здашэри имыщIэу икIи щIэмыупщIэу хьэщIэм зэрыдежьэри, зэгъусэу бийм (иныжьым) емыбгъэрыкIуэу е щэхуу теуэ мыхъуу, IуащхьэпIалъэ иритрэ къриджэу лIы закъуэу зэрыпэуври, абы щыгъуэми, бийм и щIыгу ит пэтми, пауэр абы лъигъэсу, зэзэуэн хуей хъуми, хъуэщнэщыгъэрэ бзаджагъэрэ зыхэплъхьэ хъунур имыдэу, лIыгъэм, хахуагъэм къахьыну псор япэ иригъэщрэ ахэр IупщI къэзыщI зэуэкIэр къыхихыу зэрыщытыр, иныжьым и

шы гуартэр къыщахукIи, пхъэрым зыпэщIигъэхуэну шы ужьым зэриувэр, губгъуэ нэщIым къранэу уае къращIэкIыжа нэужьи, щIыIэм е мэжэщIалIагъэм къигъэдзыхэрэ къэмыкIуэжу, атIэ ежьэну псалъэ зэраритам къыхэкIыу, и гъусэхэм пэплъэу зэрыщысри, зекIуэлI зэрихабзэу, къихуа былымым щыщ жылэм зэрахуигуэшри, нэгъуэщI куэдхэри. Мыбыхэм ягуоувэ Щауей и адэр псэууэ, абы унагъуэ унафэр IэщIэлъу къызэрыгъэлъэгъуари [Быхъурэ, Гъут 2020: 9].

Иджыпсту дгъэхьэзыр «Нартхэр. Адыгэ эпос» къыдэкIыгъуэхэм я еплIанэ тхылъымкIэ дгъэзэжынщи, эпическэ лIыхъужьхэм теухуауэ иужькIэ къэунэхуа псысэм и нэщэнэхэр зыбгъэдэлъу абы хъыбар зыбжанэ хохьэ. Апхуэдэхэщ Пагуэ и къуэ Тэтэрщауэ и циклым щыщ зыкъомыр. Къапщтэмэ, «Нарт Пагуэрэ Хьэнэжьрэ я хъыбарыр» [АИГИКБНЦРАН. Ф. 12. Оп. 1. П. 32-м. П. 1] лIыхъужь псысэу жыпIэкIэ ущыуэнукъым, мыбы и теплъэхэр апхуэдизкIэ ебэкIыу бгъэдэлъщи. Сюжетыр Щауейрэ и хьэщIэмрэ я хъыбарым [Нарты. Адыгский эпос 2020: 465–481] тохуэр, нэхъыбэ дыдэу лъэпкъ куэдым я деж зыщызужьахэми ящыщщ. Апхуэдэу щыт пэтми, гъэщIэгъуэнращи, Антти Аарнерэ Стиф Томпсонрэ я сюжетгъэлъагъуэм абы ущрихьэлIэркъым. Ар къилъытэри АТ-р и тегъэщIапIэу адыгэ псысэхэм я сюжетхэр щIэзыпщытыкIа Тхьэмокъуэ Женя и тхылъым мыбы – 650 В* номырыщIэр щритащ [Сравнительный указатель…2018: 585]. Пэжщ, тырку псысэхэм я сюжетхэр щызэхуэхьэса Эберхарт-Боратава (адэкIэ Eb-Bo) сюжетгъэлъагъуэм Eb-Bo 204 бжыгъэмкIэ ар къыщыгъэлъэгъуащ [Eberhard, Boratav 1953: 238–240], икIи, Алий А.И. и псалъэхэм тепщIыхьмэ [Алиева 1986: 35–37], сюжетыр къызэрыIуэтар ди псысэхэм ейм хуэдэущ: лIыхъужьым бийм и шы табыныр кърехужьэ; хакIуэм нэпкъыжьэ трещIэри еутIыпщыж; хакIуэм бийр къехь; лIыхъужьыр абы йозауэри хегъащIэ; апхуэдэ щIыкIэкIэ щэнейрэ бийхэм йозауэри текIуэныгъэр зыIэрегъыхьэ.

Псысэхэм зэрыщыхабзэщи, мы сюжетыр нэхъыбэрэ къызэрыкIуэр нэгъуэщIым (Eb-Bo 279 III, 4–6) епхауэщ: цIыхухъу щыгъынкIэ зехуапэри, хъыджэбзыр, къару егъэлея зыхэлъыр, къожьэ, и адэм (и дэлъхум) илъ ищIэжыну; ар гъусэ хуейщи, зылъыхъуэр езым къыпэлъэщынщ; апхуэдэр къегъуэтри, абы и фIыщIэкIэ, лъыр ещIэж, езым нэхърэ нэхъ лъэщыжу къыщыщIэкIкIи, ар щхьэгъусэ хуохъури, зэуэлI-зекIуэлI хьэл-щэнхэр зыхен, къызэрыгуэкI унэгуащэуи унагъуэм къонэж. «Нарт Пагуэрэ Хьэнэжьрэ я хъыбарри» аращ, ауэ зэрызэщхьэщыкIращи, зилъ зыщIэж цIыхубзым и пIэкIэ мыбдежым къыхэщыр Хьэнэжьщ, апхуэдэу щыхъукIи, лъы къыдэзыщIэжа Пагуэ щхьэгъусэ хуэхъур абы и шыпхъурщ.

Пагуэ и къуэ Тэтэрщауэ ехьэлIа циклыр мыпхуэдэ щапхъэхэмкIэ къулейщ, икIи, псоми я гугъу дымыщIми, къыжытIахэм къагъэлъагъуэ зи гугъу тщIы псысэ лIэужьыгъуэм ижь мыбыи къызэрыщIихуар. Щауеи хуэдэу, мыбы и образми курыт лIэщIыгъуэм щыIа зекIуэлI, шууей хъыжьэм и шыфэлIыфэ зыкъом хыдолъагъуэ. Апхуэдэхэщ зилъ зыщIэжыну къежьа шу мыцIыхур кIэлъызрихьэ хьэщIагъэри, здишэми, зыщыщми щIэмыупщIэу иныжьхэм езэуэну хьэщIэм зекIуэ зэрыдежьэри, гъуэгу здытетым адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ пщIэ зэрыхуищIри, Iэмалыншэ щыхъум деж, абы и къыщхьэщыжакIуэу къызэрыуври. Мыпхуэдэ щытыкIэхэр Тэтэрщауэ куэду бгъэдэлъщ, икIи псоми къагъэлъагъуэращи, лъэпкъым и гупсысэмкIэ адыгагъэм, цIыхугъэм къызыщIригъэубыдэу хъуар мы образым кIэрилъхьащ.

Къапщтэмэ, сюжеткIи образым и шыфэлIыфэкIи мыр дыдэращ «Пагуэ и къуэ Татар Щауэ и хъыбарри» [АИГИКБНЦРАН. Ф. 12. Оп. 1. П. 32-м. П. 5], «Нарт Сэкрэт нарт Пщыапщокъуэ къызэришам» теухуари [Адыгэ IуэрыIуатэхэр 1963: 249–252], н.

Эпическэ лIыхъужьхэм теухуауэ иужькIэ къэунэхуа псысэм хуэдэу «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъым и еплIанэ томым хыхьэхэр куэдкIэ нэхъыбэ мэхъу, сюжеткIи, образкIи зэмылIэужьыгъуэ куэдуи зэщхьэщокIыж. А псоми зы статья кIэщIкIэ, дауикI, дытепсэлъыхьыфыркъым, ауэ къэтхьа щапхъэхэм къагъэлъагъуэу

къытщохъу, мы IуэрыIуатэхэкI лIэужьыгъуэхэм къызэпача гъуэгуанэр, ягъуэта зыужьыныгъэр. КъыжытIа псом псалъэуха зыбжанэ щIыдгъужынщи, мыбыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэм ящыщ зыщ, къэIуэтэкIэкIэ мыхэр тхыдэр зи лъабжьэ эпосыщIэм хыхьэ хъыбарыжьхэм пэгъунэгъу зэрыхъуар. Ауэ абы къикIыркъым мыпхуэдэ псысэхэр псори «щIэщыгъуэ» защIэу зэхэлъу. Мыхэр къулейщ нарт эпосым, пасэрей лIыхъужь псысэм куэд щIауэ зрагъэпэща, зэманыжьым зи къуэпсхэр къыщежьэ мотивхэмкIэ, сюжетхэмкIэ, образ хьэл-щэнхэмкIэ. Къапщтэмэ, ахэр ебэкIыу мыбыхэм зэрабгъэдэлъри зы щхьэусыгъуэу мэув, мыхэр пасэрей лIыхъужь эпосым щIыхэбгъэхьэ хъунуми.

А псом къыдэкIуэу, «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъым и еплIанэ томым мы псысэхэм щIыгъуу итынущ эпосым щхьэхуэу къыхэбелджылыкI нартхэр зэрыкIуэдыжамрэ абыхэм я пIэ «цIыху цIыкIур» къызэриувамрэ къэзыIуэтэж сюжетхэри, нарт щIыналъэхэм ехьэлIа хъыбар зыбжани, Алыдж, Тотрэш, Гуэрыгуэн, Джылахъстэн, Уэрсэрыжь, Адииху, Мэлычыпхъу, Лашын, КъуийцIыкIу сымэ теухуахэри, н. Дэтхэнэ зы сюжетми, дэтхэнэ зы образми щхьэхуэныгъэ, щIэщыгъуэ гуэрхэр ябгъэдэлъ пэтми, псори къызэщIэзыкъуэ щытыкIэ мыбыхэм ядыдолъагъу: зэрызэхэлъ мотив, пкъыгъуэ куэдым, персонажхэм ябгъэдэлъ хьэлщэн, шыфэлIыфэ зыкъомым я къуэпсхэр жыжьэ дыдэ къыщежьэу щыт пэтми, мы лIыхъужьхэм ехьэлIа IуэрыIуатэр, езыхэм я образхэр нэгъэсауэ щызэтеувэр эпосым и ужьыхыжыгъуэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу жыпIэ хъунущ. Аращ мыхэр зы тхылъкIэ къызэщIэкъуа щIэхъури.

## ТегъэщIапIэ хъуа литературэр


1. Адыгэ IуэрыIуатэхэр. ТомитIу. 1 т. / Зэхэз. КъардэнгъушI З.ПI. Налшык: Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэ, 1963. Н. 270. (Адыгский фольклор. В 2-х т. Т. 1 / сост. З.П. Кардангушев. Нальчик: Кабардино-Балкарское книжное издательство, 1963. 270 с.)

2. АИГИКБНЦРАН – Архив Института гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук.

3. *Алиева А.И.* Поэтика и стиль волшебных сказок адыгских народов. М.: Наука, 1986. 280 с.

4. *Астахова А.М.* Народные сказки о богатырях русского эпоса. М.-Л.: Издательство Академии наук СССР, 1962. 120 с.

5. *Быхъурэ М.Ф., Гъут I.М.* Бэдынокъуэрэ Щауейрэ ехьэлIа хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ (*Бухуров М.Ф., Гутов А.М.* Сказания и пшинатли о Бадиноко и Шауее) // Нарты. Адыгский эпос. В 3-х т. Т. 3: Бадиноко. Шауей / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: Ред.-изд. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2020. С. 7–16. URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/%D0%9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB-2020 %D0%91%D0%AD%D0%94%D0%AB%D0%9D%D0%9E%D0%9A%D0%AA%D0%A3%D0%AD-%D0%94%D0%9B%D0%AF-%D1%80%D0%B0%D0%B7%D0%BC%D0%B5%D1%89%D0%B5%D0%BD%D0%B8%D1%8F.pdf (дата обращения: 16.11.2020).

6. *Гъут I.М.* Адыгэ IуэрыIуатэ // Адыгэ литературэм и тхыдэ. Томищу. 1 т. / ред. нэхъыщ. ТIымыжь Хь.Т. Налшык, 2010. Н. 37–81. (*Гутов А.М.* Адыгский фольклор // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. В 3-х т. Т. 1 / гл. ред. Х.Т. Тимижев. Нальчик, 2010. С. 37–81).

7. *Гутов А.М.* Народный эпос: Традиция и современность. Нальчик: Изд-во КБИГИ, 2009. 228 с.

8. *Гутов А.М.* Поэтика и типология адыгского нартского эпоса. М.: Наука. Издательская фирма «Восточная литература», 1993. 207 с.

9. *Жирмунский В.М.* Сказание об Алпамыше и богатырская сказка. М.: «Издательство восточной литературы», 1960. 336 с.

10. *Мелетинский Е.М.* Происхождение героического эпоса. Ранние формы и архаические памятники. М.: «Издательство восточной литературы», 1963. 462 с.

11. Нарты. Адыгский эпос. В 3-х т. Т. 1: Ранние циклы эпоса. Сосруко / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: ООО «Тетраграф», 2012. 424 с.

12. Нарты. Адыгский эпос. В 3-х т. Т. 2: Озырмес. Батраз. Ашамез / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: ИГИ КБНЦ РАН, 2017. 468 с. URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/2.%D0%9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB.%D0%A2%D0%BE%D0%BC-2.pdf (дата обращения: 16.11.2020).

13. Нарты. Адыгский эпос. В 3-х т. Т. 3: Бадиноко. Шауей / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: Ред.-изд. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2020. 582 с. URL: http://www.kbigi.ru/fmedia/%D0%9D%D0%90%D0%A0%D0%A2%D0%AB-2020 %D0%91%D0%AD%D0%94%D0%AB%D0%9D%D0%9E%D0%9A%D0%AA%D0%A3%D0%AD-%D0%94%D0%9B%D0%AF-%D1%80%D0%B0%D0%B7%D0%BC%D0%B5%D1%89%D0%B5%D0%BD%D0%B8%D1%8F.pdf (дата обращения 16.11.2020).

14. *Неклюдов С.Ю.* Богатырская сказка. Тематический диапазон и сюжетная структура // Проблемы фольклора. М.: «Наука», 1975. С. 82–88.

15. *Пропп В.Я.* Русский героический эпос. М.: «Государственное издательство художественной литературы», 1958. 603 с.

16. Сравнительный указатель сюжетов адыгских (кабардинских, черкесских, адыгейских) волшебных сказок по системе Аарне-Томпсона / сост. Ж.Г. Тхамокова (Браева) // Адыгэ таурыхъхэр. ТомитIу. 2 том: Телъыджей таурыхъхэр / зэхэз., пэублэ пс., коммент., сюжетгъэлъ. зытхар Тхьэмокъуэ (Брай) Женэщ. Налшык: ИГИ КБНЦ РАН-м и тхылъхэр тедзэным щыхуагъэхьэзыр къудамэ, 2018. Н. 553–588. (Адыгские сказки. В 2-х томах. Т. 2: Волшебные сказки / сост., вступ. ст., коммент., указ. сюжетов Ж.Г. Тхамокова (Браева). Нальчик: Редакционно-издательский отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2018. С. 553–588).

17. *Хут Ш.Х.* Несказочная проза // Адыгский фольклор. Кн. II. Майкоп, 1980. С. 83–124.

18. *Eberhard W., Boratav P.N.* Typen Turkischer Volksmarchen. Wiesbaden: Frantz Steiner Verlag GMBH. 1953. 506 s.

19. *Thompson S.* The types of the folktale. A classification and bibliography. Antti Aaarne's «Verzeichnis der Märchentypen» (FFC № 3) translated and enlarged. Second revision (FFC 184). Helsinki: Suomalainen Tiedeakatemia, 1961. 588 p.

## АДЫГСКИЕ ПОЗДНИЕ СКАЗКИ ОБ ЭПИЧЕСКИХ БОГАТЫРЯХ

**Бухуров Мухамед Фуадович**, кандидат филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора адыгского фольклора Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), mbf72@mail.ru

Статья посвящена одному из наиболее актуальных вопросов изучения адыгского фольклора – проблеме генезиса и эволюции так называемых позднейших произведений об эпических богатырях героического эпоса. Как известно, в настоящее время в филологической науке существует суждение о том, что богатырская сказка представляет собой одну из разновидностей раннего эпоса. Однако мы придерживаемся мнения С.Ю. Неклюдова, согласно которому следует разграничить архаическую богатырскую сказку, предшествующую классическому героическому эпосу, и «позднейшую сказку об эпических богатырях», которую можно рассматривать как одну из завершающих ступеней эволюции эпоса. В связи с этим в работе основное внимание уделяется прозаическим сказаниям нартского эпоса, возникшим в результате разрушения первоначальной песенно-стихотворной формы пшинатлей. К ним относятся сказания о бое Сосруко с нартом Тотрешем, о добывании огня, о первом выезде Бадыноко, о кровной мести Батраза и Ашамеза, а также практически весь цикл о нарте Шауее, в котором больше всего преобладает сказочная поэтика. К анализу привлекаются и тексты, отобранные для включения в очередной, четвёртый, том серийного издания «Нарты. Адыгский эпос», посвященный персонажам сказаний завершающего этапа продуктивной стадии нартского эпоса, где отчетливо наблюдаются признаки рассматриваемого явления.

**Ключевые слова**: адыгский нартский эпос, богатырская сказка, фольклор, историко-героический эпос, эпический богатырь, сказание, пшинатль.

# ADYGHE LATE FAIRY TALES ABOUT EPIC BOGATYRS

**Bukhurov Mukhamed Fuadovich**, Candidate of Philology, Leading Researcher of the Sector of the Adyghe Folklore of the Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), mbf72@mail.ru

The article is devoted to one of the most pressing issues in the study of the Adyghe folklore – the problem of the genesis and evolution of the so-called later works about the epic heroes of the heroic epic. As you know, currently in philological science there is a judgment that the heroic tale is one of the varieties of the early epic. However, we adhere to the opinion of S.Yu. Neklyudov, according to which it is necessary to distinguish between the archaic heroic tale preceding the classical heroic epic, and the «later tale of epic heroes», which can be considered as one of the final stages of the epic evolution. In this regard, the work focuses on the prosaic legends of the Nart epic, which arose as a result of the destruction of the original song-poetic form of the pshinatls. These include legends about the fight between Sosruko and Nart Totresh, about making fire, about the first departure of Badynoko, about the blood feud of Batraz and Ashamez, as well as practically the entire cycle about Nart Shauei, in which fairy-tale poetics prevails most of all. The analysis also involves the texts selected for inclusion in the next, fourth, volume of the serial edition «Narts. Adyg epic», dedicated to the characters of the legends of the final stage of the productive stage of the Nart epic, where the signs of the phenomenon under consideration are clearly observed.

**Keywords**: Adyghe Nart epic, heroic tale, folklore, historical and heroic epic, epic bogatyr, legend, pshinatl.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-2-47-116-124